



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL EGZÒTE NOUYÒKÈ YO POU PREPARE YO POU DÈNYE NÈJ EFÈ LAK LA, KI PREVWA AFEKTE KÈK PATI NAN LWÈS AK NÒ NEW YORK

Zòn metwo Buffalo ak Watertown kapab wè jiska de jiska twa pye akimilasyon nèt efè lak jiska jedi

Pi gwo chit nèt la pral mèkredi ak to chit nèt ki evalye a 2-4 pous pou chak èdtan

Previzyon montre kondisyon ki pi modere pase move tan nan wikenn ki sot pase a, yo te ankouraje Nouyòkè yo pou kontwole previzyon yo ak anpil atansyon

Nouyòkè yo kapab enskri pou alèt ijans yo [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou yon lòt evènman nèt efè lak ki prevwa pote youn a twa pye nèt nan zòn Lwès ak Nò New York, espesyalman toupre Lak Erie ak Ontario, apati madi apremidi epi kontinye jiska jedi swa. Nan Lwès NY, yo prevwa plis nèt la tonbe nan zòn Metwo Buffalo a epi yo pral pi lou nan Mèkredi ak to jiska 2-3 pous pa èdtan. Nan Nò NY, yo prevwa plis nèt pou zòn Watertown, Tug Hill, ak nò Konte Oswego, epi yo pral pi gwo tou nan mèkredi ak to chit nèt jiska 2-4 pous pa èdtan pafwa. Yo prevwa van rafal jiska 56-64 kilomèt alè, espesyalman mèkredi, ki pral kreye nèt k ap soufle ak flote nan zòn Lwès ak Nò New York. Yo prevwa van glasyal ap desann nan chif negatif yo oswa yon sèl chif ki ba pandan plizyè jou, k ap kontinye jiska dimanch. Konbinezon van, nèt ak tanperati konjele pral gen chans rann vwayaj danjere, kidonk chofè yo ta dwe evite vwayaj ki pa nesèsè espesyalman nan mèkredi. Evènman nèt efè lak la ka lakòz tou blakawout nan kèk kote.

"Menmsi pwochen vag move tan sa a pa prevwa genyen menm enpak ak tanpèt wikenn pase a, Nouyòkè yo ta dwe toujou prepare", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ajans Eta nou yo ap kontinye travay 24 sou 24 pou kontwole kondisyon yo, netwaye wout yo epi sipòte lokalite yo. Priyorite prensipal mwen se kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan <https://alert.ny.gov>, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit

entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Aktivite Ajans lan

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York

Divizyon an te aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta a nan Albany pou kowòdone repons Eta a pandan tout evènman move tan an. Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) lan an kontak ak tokay lokal yo epi yo prepare pou fasilite demann pou asistans, epi rezèv Eta a gen anplwaye epi ki pare pou deplwaye resous pou repons pou ijans ak pwovizyonabri jan sa nesèsè.

Depatman Transpò Eta New York la

Depatman Transpò Eta a ap siveye kondisyon meteyo yo epi li prepare pou reponn avèk plis pase 3,720 sipèvizè ak operatè. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Pou sipòte repons ak operasyon netwayaj kontinyèl yo, Depatman an ap deplwaye yon lòt 16 operatè, 2 sipèvizè, de souflez nèt, ak kat chajè konpak ki gen akseswa souflez nèt ak trelè nan Lwès New York. Anplis pèsònèl ak ekipman ki te deja deplwaye nan Rejyon an pou tanpèt la, ki gen ladan 74 anplwaye, ki gen ladan 54 operatè adisyonèl, 11 sipèvizè, sis antrenè ekipman, de espesyalis Sipò Kòmandman Ensidan ak yon reprezantan sekirite; ansanm ak 25 gwo chasnèt, twa gwo soufeznèt, de chajè ak yon aparèy pou fè nivèlman.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,612 gwo kamyon chasnèt
- 152 chasnèt mwayen

- 51 remòk chasnèt
- 38 aparèy pou soufle nèt
- 341 gwo chajè
- 20 aparèy pou fè nivèlman

Pou ou jwenn enfòmasyon sou kondisyon vwayaj an tan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 oswa vizite <https://www.511ny.org> oswa sit mobil la nan m.511ny.org, sous enfòmasyon sou kondisyon vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

Otorite Thruway

Otorite Thruway la pare pou fè entèvansyon nan tanpèt ivè efè lak la nan Lwès New York avèk 700 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta a. Otorite a ap fè chanjman staf siplemantè ak ekipman pou konbat nèt ki soti nan Divizyon Syracuse, Albany ak New York yo pou soutni operasyon nèt ak glas yo nan Lwès New York. Anplwaye yo ap kontwòle tanpèt la kounye a epi gen operatè ak ekipman ki sou stennbay epi k ap deplwaye si kondisyon yo jistifye sa.

Kantite ekipman ak resous ki genyen nan tout eta a repati konsa:

- 355 kamyon chasnèj pwa lou ak pwa mwayen
- 10 remòk chasnèj
- 65 chajè
- Apeprè 118,000 tòn sèl disponib

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Depatman Sèvis Piblik

Konpayi sèvis piblik yo ki reglemante pa Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la gen apeprè 5,500 travayè ki disponib nan tout eta a pou angaje yo nan efò reparasyon ak restorasyon pou sistèm move tan ivènal la wikenn sa a. Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo sispann sèvis ou a, vizite [sit entènèt](#) Entèripsyon Sèvis Piblik DPS la pou jwenn konsèy.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a ap kontinye kontwole kondisyon metewolojik yo epi li ap deplwaye twoup adisyonèl nan zòn ki afekte yo jan sa nesèsè. Yo deplwaye tout veyikil kat wou ak veyikil espesyalize Lapolis Eta a, ki gen ladan motonèj, idwoglisè yo, ak veyikil itilite tout tèren yo epi yo ap itilize ekipman ki nesèsè pou repons imedya jan sa nesèsè. Tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon yo ap fè kòm sadwa.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Gad Forè yo ak anplwaye rejyonal yo rete an alèt epi yo ap kontinye siveye sityasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. DEC ap kowòdone deplwaman resous ak patnè ajans yo avèk tout resous ki disponib yo nan zòn ki sible yo nan preparasyon pou enpak ki posib akoz gwo nèj.

DEC raple sila yo ki responsab pou netwaye epi jete nèj a gwo echèl pou swiv pi bon pratik jesyon pou ede anpeche inondasyon epi redui posibilite pou gen polyan tankou sèl, sab, gaz, fatra ak lòt debri nan nèj pou yo pa afekte kalite dlo a. Eliminasyon nèj nan rivyè ak kouran dlo lokal yo ka kreye baraj glas ki ka lakòz inondasyon nan zòn ki toupre yo. Operatè pou retire nèj piblik ak prive yo ta dwe okouran de pwoblèm sekirite

sa yo pandan ak apre tanpèt la. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan https://extapps.dec.ny.gov/docs/water_pdf/togs5111new.pdf.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Pak Eta yo gen ekip pou sye nan Lwès New York ak North Country sou standbay pou deplwaman pou operasyon netwayaj wout ki posib.

Lòt konsèy sekirite Meteyo nan sezon ivè

- Sèvis ekipman pou retire nèj. Sèvi ak sèl wòch pou fonn glas sou pasaj pyeton yo, ak sab pou jenere traksyon.
- Mete kay ou nan kondisyon pou fè fas ak ivè a epi fè enspekte sous chofaj yo chak ane.
- Si w itilize lwil chofaj, kenbe yon rezèv adekwat.
- Genyen ekipman chofaj pou ijans ki an sekirite ki disponib epi sèvi ak enstriksyon fabrikan yo.
- Enstale epi tcheke alam lafimen yo.
- Pwoteje tiyo dlo yo pou yo konjele.

Vwayaje nan tan ivè

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Pa kondui, sof si sa nesesè.
- Si ou dwe vwayaje, asire ou ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou ou sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote ou ye.
- Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan ou chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.
- Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

- Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chasnèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle deyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen deyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li. Pa janm eseye pase sou yon chasnèj pandan l ap fonksyone.

Blakawout yo

Planifikasyon:

- Si ou itilize medikaman ki mande pou ou mete yo nan frijidè, pifò ladan yo ka rete nan yon frijidè ki fèmen san pwoblèm - mande doktè ou oswa famasyen w lan.
- Si ou gen espas nan frijidè oswa nan frizè ou, ranpli resipyan plastik avèk dlo, kite espas yon pous andedan yo chak, sa pral ede kenbe manje yo frèt si pa ta gen kouran.
- Planifye pou gen yon lòt sous pou kwit manje, tankou yon recho kan oswa gri deyò. Swiv règ sekirite apwopriye pou itilize li andeyò rezidans lan.
- Ansidere achte yon jeneratris epi swiv règ pou itilize li deyò rezidans lan. Anvan ou enstale yon dèlko, asire ou ke ou byen dekonekte de sèvis elektrik konpayi sèvis piblik ou an. Si li posib, fè yon elektrisyen ki kalifye enstale dèlko a pou ou.
- Gen dra manto, chapo, ak gan anplis ki disponib pou kenbe ou cho.
- Si w gen yon òdinatè, sovgade dosye ak sistèm eksplwatasyon yo regilyèman. Etenn tout òdinatè, monitè, ak lòt aparèy yo lè yo pa itilize yo.
- Si w gen yon ouvrez pòt garaj elektrik, lokalize nivo vewouyaj manyèl la, epi aprann kijan pou w opere.
- Si w gen yon enstriman telefòn oswa yon sistèm ki bezwen elektrisite pou fonksyone, planifye yon lòt komunikasyon tankou yon appary telefòn estanda, telefòn selilè, oswa radyo.

Kisa pou w fè si gen Blakawout

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.
- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Voye je pou wè si vwazen ak moun ki gen aksè oswa bezwen pou fonksyone yo gen kouran.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.

- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Fermen chanm ou pa bezwen.

Pou rapòte yon blakawout, rele:

- Central Hudson: 800-527-2714
- Con Edison: 800-752-6633
- National Grid: 800-867-5222
- NYSEG: 800-572-1131
- O&R: 877-434-4100
- PSEG-LI: 800-490-0075
- RG&E: 800-743-1701

Sekirite pou Chofaj

- Sèvi ak sous chalè altènatif ki an sekirite sèlman tankou yon chemine, ti recho a bwa oswa a chabon ki byen ayere oswa aparèy chofaj pòtab.
- Lè w ap itilize sous chalè altènatif tankou yon chemine, recho a bwa, elatriye, toujou asire w ke ou gen bon vantilasyon. Toujou Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Gen yon ekstenktè ak detektè lafimen epi asire w yo fonksyone.
- Si w itilize aparèy chofaj ki mache ak kewozèn pou konplete gaz chofaj regilye w la, oswa kòm yon sous chalè ijans, swiv konsèy sekirite sa yo:
 - Swiv enstwiksyon fabrikan yo.
 - Sèvi ak gaz ki kòrèk la sèlman pou inite w la.
 - Remete konbistib deyò sèlman epi lè inite a frèt sèlman.
 - Kenbe aparèy chofaj nan yon distans omwen twa pye ak mèb yo lòt eleman konbistib yo.
 - Lè w ap itilize aparèy chofaj la, sèvi ak pwoteksyon kont dife epi vante byen.

Pou plis konsèy sekirite sou lè a, vizite <https://dhses.ny.gov/safety>. Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan oswa apre yon tanpèt nan Eta New York, rele 211 oswa vizite 211nys.org.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSSES\)](#) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (ke yo te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)